**दिन–शनिवार** **दिनांक–23.08.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ राष्ट्रीय अंतरिक्ष दिवस पर अपन वीडियो संदेश मे कहलनि जे भारत सेमी क्रायोजेनिक इंजन आओर इलेक्ट्रिक प्रोपल्शन जेहन उन्नत टेक्नोलॉजीक क्षेत्र मे तेजी सँ आगु बढि रहल अछि। श्री मोदी जनौलनि जे भारत शीघ्रहि गगनयान मिशन शुरू करत। ओ कहलनि जे आबऽ बला समय मे भारत अपन अंतरिक्ष स्टेशन सेहो बनाओत। श्री मोदी एहि अवसर पर वैज्ञानिक आओर युवा सहित अंतरिक्ष क्षेत्र सँ जुड़ल सभ व्यक्ति कँ बधाई देलनि।

---

राज्यक विकास मे तकनीकी वस्त्रक योगदान आओर भूमिका पर चर्चाक लेल आइ पटना मे एकटा राष्ट्रीय शिखर सम्मेलन आयोजित कयल गेल। पटनाक विज्ञान भवन मे आयोजित एहि कार्यक्रमक बीच उद्योग निकाय, सरकारी विभाग, स्टार्टअप शोधकर्ता आओर आन हितधारक सभ कतेको क्षेत्र मे कृत्रिम रेशा पर चर्चा कयलनि। विशेषज्ञ आन कतेको हितधारक सभ जनौलनि जे देशक तेज विकासक लेल बुनियादी ढ़ांचा, स्वास्थ्य सेवा, कृषि, पर्यावरण स्थिरता आओर नवाचार कँ मजगूत करबाक लेल तकनीकी वस्त्र एकटा महत्त्वपूर्ण क्षेत्र अछि। केन्द्रीय वस्त्र मंत्री गिरिराज सिंह, केन्द्रीय वस्त्र राज्यमंत्री पबित्रा मार्गेरिटा आओर बिहारक ग्रामीण विकास मंत्री श्रवण कुमार कार्यक्रम कँ संबोधित कयलनि।

---

कांग्रेस नेता आओर लोकसभा मे प्रतिपक्षक नेता राहुल गांधीक वोटर अधिकार यात्रा आइ कटिहार पहुंल। राजद नेता तेजस्वी यादव, वीआईपी प्रमुख मुकेश सहनी, भाकपा–मालेक दीपंकर भट्टाचार्य, कांग्रेसक वरिष्ठ नेता सांसद तारीक अनवर, पप्पू यादव आओर शकील

अहमद सहित महागठबंधनक कतेको नेता यात्रा मे शामिल भेलैथ। कोढ़ा मे राहुल गांधी मखान किसान सभ सँ गपशप कयलनि।

———————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोग सहायक शिक्षा विकास पदाधिकारीक नओ सय पैंतीस पदक लेल आवेदन आमंत्रित कयलक अछि। एहि पदक लेल आवश्यक शैक्षणिक योग्यता स्नातक निर्धारित अछि। आयोग कहलक जे एहिक लेल वस्तुनिष्ठ प्रकृतिक मात्र एकटा लिखित परीक्षा आयोजित होयत। ऑनलाइन आवेदनक प्रक्रिया सत्ताईस अगस्त सँ शुरू होयत आ आवेदनक अंतिम तिथि सत्ताईस सितम्बर निर्धारित अछि।

———————————————————————

गोपालगंजक पूर्व सांसद काली प्रसाद पांडेयक काल्हि नई दिल्ली मे निधन भऽ गेल। ओ किछु दिन सँ बीमार छलैथ। काली प्रसाद पांडेय उन्नीस सय अस्सी मे पहिल बेर बिहार विधानसभाक सदस्य चुनल गेल छलैथ। हुनक निधन पर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार समेत कतेको राजनैतिक दलक नेता सभ शोक संवदेना व्यक्त कयलनि।

———————————————————————

राजद नेता आओर विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदीक संदर्भ मे आपत्तिजनक टिप्पणी करबाक मामिला मे महाराष्ट्रक गढ़–चिरौली मे प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि। उत्तर प्रदेशक शाहजहांपुर मे सेहो श्री यादवक विरूद्ध एहि मामिला मे प्राथमिकी दर्ज कराओल गेल अछि। एम्हर, राजद नेता श्री यादव कटिहार मे संवाददाता सभ सँ गपशप करैत कहलनि जे ओ एहन मामिला सभ सँ डरायबला नहि छथि आ जनहितक मुद्दा कैँ उठबैत रहताह।

———————————————————————

चुनाव आयोग कहलक जे राज्य मे चलि रहल विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक अंतर्गत अखन धरि मात्र सी.पी.आई.एम.एल क दिस सँ नओ दावा अपत्ति दर्ज कराओल गेल अछि। तथापि, प्रमुख दल कांग्रेस आओर राजद दिस सँ दावा आपत्तिक कोनो आवेदन नहि

कयल गेल अछि। मुख्य निर्वाचन अधिकारी विनोद सिंह गुंजियाल जनौलनि जे प्रारूप पकाशनक बाद अखन धरि निनान्वे हजार छओ सय छप्पन निर्वाचक सभ सँ सोझे दावा अपत्तिक आवेदन भेटल अछि। एहि मे सँ सात हजार तीन सय सड़सठि मामिलाक निपटान कऽ लेल गेल अछि। दावा आपत्तिक अंतिम तिथि एक सितम्बर अछि। अंतिम मतदाता सूचीक प्रकाशन तीस सितम्बर कँ कयल जायत।

————————————————————————————

मॉनसूनक सक्रियता सँ प्रदेशक कतेको भाग मे बरखाक भऽ रहल अछि। मौसम विभाग आइ कैमूर, रोहतास, औरंगाबाद आओर गया जिला मे किछु स्थान पर अति बरखाक लऽ कऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। ओतहि, नवादा, जमुई, भोजपुर आओर बक्सर जिला मे एक दूटा स्थान पर बेसी बरखाक संभावना अछि। एम्हर, राजधानी पटना आओर लऽग–पासक क्षेत्र मे भोरहि सँ रूकि–रूकि कँ बरखा भऽ रहल अछि।

————————————————————————————

समाप्त भेल।